

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Hasil anu kapaluruh tina ieu panalungtikan téh nya éta ngeunaan struktur-sémiotik jeung ajén moral dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* jeung kumaha larapanana hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMP kelas VII. Dina nganalisis objék dipaluruh strukturna, unsur sémiotikna dipaluruh ngagunakeun konsép sémiotik Pierce, sarta ngagunakeun métode déskriptif analitis jeung téhnik talaah pustaka pikeun ngadéskripsikeun panalungtikanana. Anapon hasil tina panalungtikanana, bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

Si Kabayan Tapa karya Min Resmana téh kumpulan dongéng anu kandelna 96 kaca, citakan anu kadua, terbitan Rahmat Cijulang dina taun 1967. Kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* miboga tujuh judul, nya éta *Ngajual Cau*, *Tumpak Oplét*, *Nyaba*, *Tapa*, *Impala Kenyed*, *Parasit*, jeung *Lalajo Maén Bal*. Nurutkeun interpretasi panyusun, ieu kumpulan dongéng mangrupa kumpulan dongéng anu eusina méré gambaran kahirupan sosial anu nyata tur mundel. Méré gambaran kahirupan sosial anu ngawakilan jamanna. Ajén atawa pesen moral anu ditepikeun ku pangarangna ogé mangrupa protés sosial kana kahirupan anu kaalaman jaman harita, dimana kahirupan di éta jaman téh geus loba anu teu saluyu jeung bebeneran sarta teu sarua jeung sakumaha mistina.

Sacara gurat badagna, ieu kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* téh nyaritakeun kahirupan atawa lalampahan *Si Kabayan* anu pinuh ku rupa-rupa kajadian. Ti mimiti *Si Kabayan* ngajual cau ngora ka Ijon, tuluy manéhna tumpak oplét, nepi ka ngimpi jadi siluman. Ku lantaran sabaraha poé anu geus kaliwat, *Si Kabayan* pinanggih jeung rupa-rupa kajadian anu teu merenah dina tempatna, manéhna tapa di Pasirmedem kalayan beubeunangan suung. Sanggeus kitu, *Si*

Resti Melianti, 2014

Ajén Moral Dina Kumpulan Dongéng Si Kabayan Tapa Pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng Di Smp Kelas VII (Tilikan Struktural Jeung Sémiotik)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kabayan meuli Impala Kenyed nya éta kérétek téa, tuluy kaduhung da loba rugina batan untungna nambangan kérétek téh. Sakali mangsa mah, manéhna nyobaan turun tina tungtung tangkal surian maké payung, di awang-awang téh gok panggih jeung Déwa Harga. Poé Ahadna Si Kabayan lalajo maén bal jeung Ki Armasan, ari jekuk téh bisul dina bujur Ki Armasan katajong ku Si Kabayan anu géhgeran.

Struktur anu dipaluruh dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa téh* nya éta téma, tokoh jeung penokohan, alur/*plot*, jeung latar/*setting*. Salian ti éta, unsur sémiotik Pierce anu kapaluruh dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa téh*, nya éta ikon, indéks, jeung simbol. Ikon dina éta kumpulan dongéng téh kapaluruh aya 5, indéksna nya éta aya 167, sedengkeun simbolna anu aya téh nya éta 50. Anapon ajén moral anu kapanggih dina éta kumpulan dongéng téh aya 20. Salian ti ajén moral jeung unsur sémiotik, dina ieu kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa* ogé kapaluruh aya sisindiran.

Hasil panalungtikan ngeunaan struktur-sémiotik jeung ajén moral dina kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa téh* bisa dijadikeun salasahiji alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna di SMP kelas VII anu diluyukeun jeung KIKD pangajaran basa Sunda dina matéri ngeunaan dongéng. Ku kituna, déskripsi ngeunaan hasil panalungtikan tadi téh bisa dilarapkeun salaku salah sahiji matéri dina pangajaran maca dongéng.

5.2 Saran

Anu nyusun miboga sababaraha saran tina ieu panalungtikan pikeun sawatara pihak, nya éta saperti ieu di handap.

1) Lembaga-lembaga Kabudayaan jeung Pendidikan

Dipiharep sangkan lembaga-lembaga kabudayaan jeung pendidikan leuwih ngainvéntarisir kana budaya jeung karya sastra Sunda, hususna dongéng-dongéng (karya sastra Sunda buhun)anu sumebar di tatar Sunda.

2) Masarakat Umum

Dipiharep sangkan masarakat leuwih mikareueus deui budayana sorangan. Ieu panalungtikan ogé bisa jadi salah sahiji sarana pikeun

masarakat mikawanoh deui kana karya sastra buhun anu aya di tatar Sunda, saperti dongéng *Si Kabayan Tapa*.

3) Guru

Ieu hasil panalungtikan téh dipiharep bisa dipaké minangka salasahiji alternatif bahan pangajaran pikeun guru, anu disaluyukeun jeung kurikulum anu dipaké.

4) Mahasiswa

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh ngeunaan sastra Sunda buhun hususna dongéng, sarta bisa jadi référénsi dina panalungtikan anu sarupa, boh panalungtikan kana kumpulan dongéng *Si Kabayan Tapa*, boh kana kumpulan dongéng séjénna.